



Servicio
Jesuita a
Migrantes

OU GENYEN PWOSESIS MIGRATWA AN KOU?

La n'ap rakonte ou ki pwoesis ou kapab fè an liy san sòti lakay ou.
<https://tramites.extranjeria.gob.cl/>



ESTAMPADO PROVISORIO ELECTRÓNICO (EPE)

Y'ap bay Sètifika elektwonik viza pou rezidan ak moun ke yo te bay yon viza rezidans tanporè oswa definitiv nan Chili, e ki poko mete li sou paspò oswa dokiman yo. Se yon solisyon pou yon ti bout tan poutèt sityasyon sanitè aktyèl lan pou prezans COVID-19 lan nan Chili. Objektif li se bay kontinwite ak sètitud a sityasyon migratwa pou moun ki fè demand viza yo.

Pwosesis diponib sou paj web

<https://tramites.extranjeria.gob.cl/etapas/ejecutar/5554027>

KISA MWEN BEZWEN POU REYALIZE PWOSESIS LA?

Ou dwe gen nimewo dokiman idantifikasyon (paspò òdinè, ofisyèl oswa kat idantite ou de peyi orijin ou) jan yo te enfòm nan demand orijinal la, ki gen ladan chif verifye a. Si kounye a ou gen yon lòt paspò, ou dwe bay enfòmasyon sou dokiman ke ou te mande viza a.

Plis enfòmasyon sou

<https://www.chileatiende.gob.cl/fichas/77303-estampado-provisorio-electronico-epe>

Sa pa ranplase viza yo konn mete sou paspò a, ki dwe reyalize aprè

PÈYMAN SANKSYON

Moun ki te komèt kèk vyolasyon sou lalwa etranje a ak règleman li yo tankou rete de fason iregilye nan peyi a akòz ekspirasyon viza yo, dwe mande kalkil sanksyon an.

Pwosesis sa anvan li te disponib sèlman pou Rejyon Metwopolitèn nan, jodia li disponib nan tout Chili.

POUKISA POU PWOSESIS SA AN LIY?

- Sèlman ou dwe genyen yon dokiman idandite.
- Ou kapab antre nenpòt kote e moman ke ou vle, menm sou selilè ou.
- Ou kapab jwenn kantite kontravansyon an sna bezwen randevou, fè fil oswa rasanbleman.
- Chwazi fason pou peye k'ap pi bon pou ou.
- Ou Kapab revize tout dokiman yo sou fòm dijital epi resevwa yon kopi de yo sou E-mail ou.
- Ou pa bezwen Kòd Inik oswa lòt rejistreman.

Sonje: Ou dwe mande randevou pou Depatman etranje ak Migrasyon atravè <https://reservahora.extranjeria.gob.cl/>

Jwenn etap pa etap nan link swivan an <https://tramites.extranjeria.gob.cl/etapas/ejecutar/5610284>

TICKET ÈD NAN DEPATMAN ETRANJE A

kisa li ye?

Se yon platfòm de sipò an liy de depatman etranje a kote yo reponn dout oswa kesyon sou nenpòt tèm migratwa. Nan li tou w'ap jwenn enfòmasyon sou pwosesis online, kesyon yo poze pi souvan yo epi enfòmasyon referan sou regularizasyon.

Kòman pou ou gen aksè ak ticket Depatman Etranje a?t

1. W'ap bezwen yon E-mail pou anrejistre ou.
2. Antre sou link swivan an <https://extranjeriachile.freshdesk.com/support/home>,
3. Seleksyone nouvo ticket èd
4. Ranpli pati epi dekri kesyon ou a
5. W'ap resevwa repons lan sou E-mail ou te bay la

EKSTANSYON DAT LIMIT KAT IDANTITE

(Dekrè N°34 del Ministè Lajistis)

Li dirije ak tout etranje ki te mande chanjman oswa pwolongasyon viza kòm residan oswa pèmi pèmanans definitif nan Depatman Etranje a, oswa nan gouvènman pwovensyal yo.

KI KAT IDANTITE KE Y'AP PWOLONJE DAT EKSPIRASYON LI?

Sa ki ekspire pandan lane 2019: ap toujou valid jiska 31 desanm 2020.

Sa ki ekspire diran 2020: ap valid diran yon ane, depi sou dat ekspirasyon.

Validite kat la idantite verifye ak resi Depatman Etranje a bay la, yo pwouve ke papyè ou yo nan pwosesis aktyèlman la.

Fòk ou toujou pote kopi sètifika ki an pwosesis la

POU KISA EKSTANSYON DAT VALID KAT IDANTITE AP SÈVI?

TRÈ ENPÒTAN:

Li pwouve idantite etranje a epi li pèmèt itilize kat plastik ki ekspire a, san gen bezwen renouvle li nan Rejis Sivil, pou prezante li nan delijans, pwosesis jesyon ki bezwen montre dokiman sa a. Yo kapab prezante li nan bank, kay notè, anlwayè, Meri.

Dekrè sa pa pwolonje viza pou yon ane. Sèlman li pwolonje ti kat plastik ki ekspire a. Ou dwe toujou rete tann repons viza ou à ki nan pwosesis oswa kòmanse pwosesis renovasyon selon sa ki koresponn lan. Li pa aplike non plis pou renouvle tannporè kòm yon solisitan refij.

Si ou pèdi kat idantite ou a ou dwe kontinye ak resi deman viza a, ki se dokiman an ki ba ou regilarite pandan y'ap rezoud viza ou a nan Depatman Etranje a.

DEMAND PWOLONGASYON VIZA TANPORÈ

SÈLMAN REJYON METWOPOLITÈN

Li pèmèt antre demand postilasyon pèsònèl, an reprezantasyon minè oswa majè ak viza depandan san kat idantite. Li nesèsè pou genyen Kòd Inik. Nan 3 ka yo ou dwe antre done pèsònèl ou, kontak ak dokiman ki espesifye nan seksyon "jeneral dokiman" nan lyen sa a <https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/visa-temporaria/prorroga/>

REKONSIDERASYON POU VIZA KI REFIZE

SÈLMAN REJYON METWOPOLITÈN

Si ou aplike pou yon viza, yo refize li, ou gen dwa pou ou mande yon rekonsiderasyon, yon fwa yo avize w' de refiz la. Pou pwosesis sa a li pa nesèsè kòd Inik. Ou dwe rann kont ke demann sa a dwe fèt sou TWA JOU SWIVAN Notifikasyon an. Li ap nesèsè pou prezante nouvo antesedan (reyalite) ki pèmèt revize desizyon otorite yo. Ou ka jwenn done ki nesèsè yo ak enfomasyon nan

<https://www.extranjeria.gob.cl/reconsideracion-de-visa/>

DEMAND VIZA POU NNA PA AKÒ ANT DEM EPI SENAME

ENPÒTAN

Pwosesis sa a wè a moun ki an chaj nan sant "Sename" yo, pou yo ka fè demand yon viza pou timoun ak adolesan etranje ki fè pati de sant yo an. Pou reyalize pwosesis sa, li pa nesèsè Kòd Inik.

Nan demand de pwolongasyon viza tanporè, yon viza pou NNA ak apel ak rekonsiderasyon pou viza yo te refize, nan fen pwosesis la, yon resi de rejis lan ap parèt. Ou dwe kenbe dokiman sa a paske li se sèl resi ki pwouve ke ou fè pwosesis la.

Pou mande li, ou dwe mete done timoun, oswa adolesan an plis dokiman jeneral ke yo bezwen nan detay yo nan timoun nan oswa adolesan dwe antre nan, plis dokiman jeneral obligatwa a endike nan <https://www.extranjeria.gob.cl>

Fòk ou toujou pote kopi sètifika ki an pwosesis la

POSTILASYON PÈMANANS DEFINITIF

Se pèmi yo bay etranje yo pou reside definitivman, li dire 5 lane epi li pèmèt ou reyalize nenpòt aktivite legal nan peyi a.

Nan ka moun ki sòti nan peyi Brezil, Chin, Kiba, Ayiti epi Perou, demand lan dwe reyalize nan biwo "ChileAtiende", ak dokiman nesèsè yo. Nan ka sa demand pou pwosesis sa kanpe aktyèlman pou ijans sanitè a. Y'ap kapab mande pèmi an yon fwa ijans lan fini.

Li dwe mande sou entènèt nan pòtal pwosesis dijital sou paj Depatman Etranje ak Migrasyon. La menm ou kapab revize kondisyon yo selon ka a epi anplis enfòmasyon ki nesèsè. Kenbe nan tèt ou ke ou dwe gen kòd inik pou postilasyon an.

Sèlman prensipal biwo "ChileAtiende" yo disponib pou pwosesis priyorite. Pou konnen plis enfòmasyon vizite paj <https://www.chileatiende.gob.cl/>



Búscanos como sjmchile:

